



Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ KI
KOUTE 48 MILYON DOLA NAN BRONX**

***Park Avenue Apartments The Bridge la bay 69 inite lojman sipò ki sèvi veteran,
moun ki gen maladi mantal grav ak granmoun aje yo***

***Devlopman an sipòte pa Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri Eta a;
Inisyativ Lojman Sipò Empire State la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon konplèks lojman sipò ak nan pri abòdab ki koute 47.9 milyon dola nan Bronx ki pral sèvi moun ki nan sitiyaasyon sanzabri kwonik, sa gen ladan sila yo ki gen yon maladi mantal grav, veteran ki gen andikap ak granmoun aje yo. Sipòte avèk 6.5 milyon dola atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) a, Park Avenue Apartments bay 115 inite lojman nan pri abòdab, ki gen ladan 69 inite ki gen sèvis sipò ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI).

"Twòp Nouyòkè ki nan sitiyaasyon sanzabri nan Vil la souvan fè fas ak plizyè pwoblèm ki kontribiye nan enstabilite lojman yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè tankou Park Avenue Apartments esansyèl pou elimine sitiyaasyon sanzabri nan bay lojman ak ede Nouyòkè yo avèk sèvis sipò yo bezwen, sa k ap pèmèt yo viv nan anviwònman endepandan".

The Bridge, ki te esponsòrizè pwojè a, te rezève 23 inite pou granmoun aje yo ki frajil oswa andikape, 23 inite pou veteran ki gen andikap ak 23 inite pou granmoun ki gen maladi mantal. 45 apatman ki rete yo rezève pou fanmi ki gen revni fèb ak ansyen yo nan kominote a.

Devlopman an gen ladan yon sal milti-fonksyonèl avèk yon kwizin chofan, yon sal lesiv, laboratwa enfòmasyon, yon sal pou jwe ak espas lwazi anplennè ki gen aksè ak jaden kominotè ak yon santye pou pwomnad. Bilding sèt etaj la te konstwi sou yon teren ki vid nan zòn Vilaj Claremont nan Bronx.

Gade [foto](#) Park Avenue Apartments.

Administre pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a, Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri a te bay 6.5 milyon dola pou pwojè a. Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a ap bay 1.7 milyon dola nan finansman anyèl pou sèvis ak sibvansyon lwaye pou inite lojman sipò yo atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ak 195,500 dola siplemantè nan finansman sibvansyon pou devlopman pwogram lan pou 23 apatman k ap sèvi moun ki gen maladi mantal.

Biwo Renouvèlman Lojman ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) New York la te finanse pwojè a avèk 6.5 milyon dola nan obligasyon egzonere pou enpo, 7 milyon dola atravè pwogram abòdab 100 pousan Vil New York li a, ak yon alokasyon kredi enpo federal sou lojman pou moun ki gen revni fèb ki pral jenere anviwon 17.7 milyon dola pou devlopman an. Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman nan Vil New York lan te bay 7.4 milyon dola nan finansman.

Komisè Egzekitif Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Devlopman tankou Park Avenue se yon bagay santral pou efò nou yo pou rezoud sitiyasyon sanzabri nan Eta New York akòz yo bay lojman estab ak sèvis Nouyòkè ki vilnerab yo ka konte sou yo pou rezoud pwoblèm yo ki kontribiyè nan ensekirite lojman yo. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li pou pwojè tankou sila a ak lòt ki vital pou efò nou pou kapab abòde nesosite moun k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri yo".

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, "Tout Nouyòkè yo merite diyite ak sekirite yon bon kay. Gras ak The Bridge ak investisman eta nou an ak patnè lokal nou yo, Park Avenue Apartments pral bay sèvis enpòtan k ap ede moun yo vyeyi lakay yo san danje ak mete fen nan modèl ensekirite lojman an. Avèk 115 apatman, se yon devlopman transfòmasyon pou Vilaj Claremont ki vize asire Bronx rete yon kote chak moun genyen opòtinite pou yo viv ak pwospere - espesyalman ansyen veteran nou yo, fanm oswa gason, ki te sèvi peyi nou an avèk onè."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal la, te deklare, "Park Avenue Apartments te transfòme yon ansyen teren vid pou tounen yon lojman akeyan ak estab pou Nouyòkè vilnerab ak sanzabri yo. Inite lojman sipò yo pral bay moun k ap viv avèk maladi mantal yo sèvis ak asistans yo bezwen pou viv poukont yo nan pwòp kay yo. Mwen fyè de wòl OMH te jwe nan devlope kay sa yo epi mwen aplodi Gouvènè Hochul pou angajman li pou bay sipò ak espwa pou moun k ap viv avèk maladi mantal yo".

Direktè Egzekitif Jeneral Bridge la, Susan Wiviott, te deklare, "Nou fyè dèske nou te kapab ouvri nouvo bilding lan pandan COVID la epi dèske nou te transfòme teren vid sa a pou tounen yon anviwònman akeyan, san danje ak sekirize pou rezidan yo ak kominote ozalantou a. Nou rekonesan anpil pou donatè gouvènman ak patnè devlopman nou yo ak pou Konsèy Administratif The Bridge la ak anplwaye yo kote san yo menm anyen nan sa pa t ap posib. Nou rekonèt tou gwo nesosite pou lojman sipò

ak nan pri abòdab atravè vil la epi aplodi angajman vil la ak eta a dèske nan kreye plis lojman pou Nouyòkè vilnerab yo".

Komisè Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) Vil la, Louise Carroll, te deklare, "Depi kòmansman Plan Lojman Majistra a, Vil New York te itilize tout zouti posib pou kreye opòtinite lojman pou rezidan ki pi vilnerab li yo. 3500 Park Apartments vrèman anblematik pou estanda wo vil la pou asire granmoun aje nou yo, sila yo ki gen pwoblèm sanzabri ak sila yo ki bezwen sèvis sipò jwenn yo lojman ki bèl, bon kalite ak nan pri abòdab ki pral ede yo tounen sou pye yo ak vyeyi lakay yo. Nou fyè pou nou fè patenarya avèk The Bridge pou kreye 115 nouvo kay sa yo ki nan pri abòdab ak bay sipò".

Senatè Luis Sepulveda te deklare, "Nan kreye lojman nan pri abòdab ak nan bay sèvis sipò, nou kapab kòmanse atake anpil kòz pwofon sitiwayon sanzabri nan kominote nou yo. Park Avenue Apartments pral bay kay sa yo ak asistans sa a pou zòn Vilaj Claremont, k ap ede rezoud ensekirite lojman katye sa a pandan sa ap bay lojman tou pou sila yo ki pi vilnerab pami nou. Mwen aplodi lidèchip Gouvènè Hochul dèske li kontinye fè ensekirite lojman yon pwoblèm prensipal administrasyon li an ak dèske li ede devlopman tankou sila a tounen yon reyalye nan kominote nou yo".

Manm Asanble a, Chantel Jackson, te deklare, "Se avèk anpil satisfaksyon ke mwen rejwenn Gouvènè Hochul nan selebrasyon achèyman Inisyativ Lojman Sipò Park Avenue Apartments lan, yon nouvo devlopman nan pri abòdab nan Bronx ki pral loje kèk nan moun ki pi vilnerab nou yo. Se devwa nou pou pwoteje ak sipòte sila yo ki majinalize nan kominote nou an epi devlopman sa a se yon pa nan direksyon sa a. Mwen vle remèsye tout òganizasyon ki enplike nan efò sa a epi mwen espere wè anpil lòt konsa ki fini nan yon avni ki pa lwen".

###

Lèt nouwèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418